

Tibebe w la Bezwen yon Lòt Depistaj Oditif



Tibebe w la gen yon randevou pou pwochen depistaj oditif li a:

Non Tibebe w la _____

Non Odyolojis la _____

Nimewo Telefòn Odyolojis la _____

Adrès Odyolojis la _____

Dat Randevou a _____

Lè Randevou a _____

Si w vle repwograme randevou a, tanpri rele pwofesyonèl swen sante tibebe w la oswa odyolojis la (yon espesyalis swen pou odisyon). Depistaj oswa redepistaj oditif la dwe fèt avan tibebe w la gen laj *1 mwa*.

Poukisa tibebe m nan bezwen yon lòt depistaj oditif?

Men kèk rezon ki ka fè kèk tibebe ka bezwen yon lòt depistaj:

- Sal depistaj la te gen bri
- Tibebe a te gen likid nan zòrèy li
- Tibebe a te bouje anpil pandan depistaj la
- Tibebe a gen yon pèt oditif

Pifò tibebe ki bezwen yon lòt depistaj oditif gen kapasite ekout debaz, men gen kèk k ap gen pèt oditif. Pou n konnen, li nesèsè pou yo fè yon lòt depistaj oditif kòm swivi.

Poukisa li enpòtan pou fè yon lòt depistaj oditif pi vit ke posib?

Depistaj oditif kòm swivi a se sèl fason pou konnen si tibebe w la gen pèt oditif. Pandan depistaj oditif la, yon travayè swen sante ki antrene pou sa, oswa yon odyolojis ap itilize zouti pou teste odisyon tibebe w la. Depistaj oditif la p ap fè tibebe w la mal.

Pi bonè pèt oditif la idantifye, pi bonè tibebe w la ap ka resewva sèvis pou aprann konpetans nan kominikasyon tankou lapawòl ak langaj.

Si tibebe w la gen pèt oditif, gen plizyè resous ki disponib pou li.



Pou plis enfòmasyon: health.ny.gov/EHDI



**Department
of Health**